



## **Fason pou aplike pou Avantaj Pwogram Èd Nitrisyon Sipleman tè (SNAP)**

### **EKSPLIKASYON POU RANPLI FÒM APLIKASYON AN**

- Eseye reponn tout kantite kesyon ou kapab
- Nan paj 1 fòm aplikasyon an, mete nimewo telefòn kote nou kapab kontakte pandan jou lasemèn oswa kote nou kapab kite yon mesaj pou ou.
- Sonje pou siyen non ou anvan ou remèt fòm aplikasyon ou.
- Sonje pou li Avi pou Dwa, Responsablite ak Sanksyon.
- Ou kapab remèt yon aplikasyon ki pa fin ranpli depi ou mete non ou ak adrès ou nan Paj 1 ak siyati ou nan Paj 5, epitou depi ou ranpli rès aplikasyon an pita. Enfòmasyon minimòm sa yo ap detèmine dat ou remèt aplikasyon ou. Answit, ou kapab voye li pa lapòs nan: DTA Document Processing Center, P.O. Box 4406, Taunton MA 02780-0420, oswa ou ka voye l pa faks nan (617) 887-8765.
- Avantaj SNAP ou ap kòmanse nan dat ou te aplike a.

**OU DWE FÈ YON ENTÈVYOU:** DTA pral egzamine fòm aplikasyon w lan lè yo resevwa li epi yo pral kontakte w pou diskite sou enfòmasyon ou te bay nan fòm aplikasyon an.

**Nòt:** Si DTA pa kapab pran kontak avèk ou, ou pral resevwa yon lèt k ap fè w konnen lè w ap fè yon entèvyou nan telefòn.

**OU DWE BAY TOUT PRÈV YO:** Pandan entèvyou w la, DTA pral eksplike w ki prèv ak enfòmasyon w ap bezwen bay pou resevwa benefis SNAP. DTA pral voye ba w yon lis verifikasyon ki gen tout enfòmasyon w ap bezwen bay yo. Ou gen 30 jou apati dat nou resevwa aplikasyon w lan pou ban nou prèv nou mande yo. Sonje pou mande DTA pou ede w si ou gen pwoblèm pou jwenn prèv yo. Ou kapab voye prèv yo pa lapòs nan: DTA Document Processing, P.O. Box 4406, Taunton, MA 02780-0420, oswa voye yo pa faks nan (617) 887-8765.

**DESIZYON:** W ap resevwa yon desizyon sou aplikasyon ou nan 30 jou.

Ou ta dwe detache epi konsève fèy sa a pou dosye ou.

## Ki Prèw M ap Bezwen?

Prèw sa yo se pifò prèw w ap bezwen lè w ap aplike pou avantaj SNAP:

- **Idantifikasyon ki Montre Non ak Adrès Ou:**  
Si ou pa gen adrès, ou dwe fè nou konnen kote ou rete.
- **Prèw ki Montre Revni ou:**  
Yon lèt rekonpans oswa etadkont depo dirèk revni ou touche san ou pa travay ansanm ak kantite lajan revni ak kantite fwa ou resevwa peman yo. Si w ap travay, remèt kat (4) dènye souch chèk peman ou, etadkont depo dirèk ou yo oswa kopi chèk ou yo.
- **Nimewo Sekirite Sosyal pou Tout Moun Lakay ou ki Aplike**
- **Prèw Kondisyon Moun ki pa Sitwayen Ameriken:**  
Si ou pa yon sitwayen ameriken, bay prèw kondisyon legal ou kòm moun ki pa sitwayen ameriken.
- **Prèw pou Sèten Depans:** Menmsi sa pa obligatwa, si ou bay prèw pou nenpòt sa ki anba la yo, avantaj SNAP ou kapab pi plis:
  - **Depans Medikal**  
Si oumenm oswa nenpòt moun ki lakay ou gen laj 60 tan oswa plis epi si moun nan gen yon andikap ki konfime, *ou dwe verifye depans medikal ou fè avèk lajan pòch ou avèk resi pou kopeman oswa prim sou asirans sante, oswa refi pou fandan, linèt, pwotèz oditif, pil pou pwotèz oditif, medikaman sou preskripsyon, medikaman doktè preskri pou soulaje doule oswa medikaman san preskripsyon, ak sèvis transpò pou fè ale-vini nan sèvis medikal yo.*
  - **Peman Sipò Timoun**  
Prèw, tankou dokiman tribinal, lajan sipò timoun ou peye ba yon moun ki p ap viv avèk ou, ak kantite lajan ou peye a.  
  
Epitou fè nou konnen si ou gen nenpòt depans ki anba la yo (enfòmasyon sa yo pa obligatwa, men yo kapab fè avantaj SNAP ou pi gwo):
    1. **Depans pou Lojman:** peman lwaye oswa ipotèk, taks sou byen imobilye (enpo lokatif) oswa asirans
    2. **Sèvis Piblik:** petwòl pou chofe kay, gaz, kouran elektrik, telefòn (ak telefòn selilè tou), oswa lòt depans pou sèvis piblik tankou ranmasaj fatra, bwa oswa chabon
    3. **Depans pou Gadri oswa Depans Gadri pou Adilt** ki sou Kont ou pou swen nan kay oswa pou swen deyò kay

**Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason ou kapab resevwa avantaj SNAP, rele Liy Dirèk SNAP nan nimewo 1-877-382-2363.**



**Depatman Èd Pwovizwa Massachusetts**  
**SNAP (Pwogram Èd Nitrisyon Sipleman) Senplifye**  
**Aplikasyon pou Granmoun Aje**  
(Moun ak Koup ki gen Laj 60 Tan oswa Plis)

**Enfòmasyon sou Moun ki Aplike a**

**1. Tanpri bay enfòmasyon pèsònèl nou mande anba la a.**

<b>Non Ou</b> (Non Fanmi, Prenon, MI)		SSN:
<b>Nimewo Telefòn</b>	Èske nou kapab kontakte ou pandan lajounen nan nimewo sa a? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Date Ou Fèt:
<b>Adrès Kay</b> (Ri, # Apatman)		<input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fanm
<b>Vil, Eta, Kòd Postal</b>		
<b>Adrès Postal</b> (si li diferan)		Èske ou se yon sanzabri kounye a? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non

**2. Gwoup Etnik/Ras ou:** Nou pran enfòmasyon sa yo pou asire nou trete tout moun egalego. Ou bay repons lan si ou vle, epi sa p ap afekte kalifikasyon ou oswa kantite avantaj ou.

**Gwoup Etnik:** Ispanik oswa Latino-Ameriken  Wi  Non

**Ras:** (koche kaz pou tout sa ki konsène ou)

Amerendyen oswa Natifnatal Alaska    Azyatik    Nwa oswa Ameriken Nwa  
Natifnatal Hawaii oswa Lòt Natifnatal Zile Pasifik    Blan

Lang ou Pale: Tanpri idantifye lang ou pale \_\_\_\_\_

3. Èske ou se yon sitwayen ameriken?  Wi  Non
4. Èske ou se yon moun k ap viv nan Massachusetts?  Wi  Non
5. Èske ou gen yon sityasyon espesyal? Koche kaz pou tout sa ki konsène ou.
- Andikap Fizik/Mantal                      Andikap pou Tande                      Andikap pou Wè  
Entèprèt Nesesè                      Langaj Siy Nesesè                      Lòt \_\_\_\_\_
6. Èske gen moun ki ede ou bay enfòmasyon sa yo?  Wi  Non
- Non Moun ki Ede ou \_\_\_\_\_ Nimewo Telefòn Moun ki Ede ou a \_\_\_\_\_

**Enfòmasyon sou Moun nan Kay la**

7. Èske ou marye?  Wi  Non
8. Si ou reponn wi, èske mari oswa madanm ou ap viv avèk ou?  Wi  Non
9. Èske ou gen nenpòt timoun ki poko gen laj 22 zan epi k ap viv avèk ou?  Wi  Non
10. Èske gen lòt moun k ap viv avèk ou epi ki pataje manje avèk ou?  Wi  Non
11. Bay non moun k ap viv avèk ou.

Prenon	Non Fanmi	SSN	Dat Li Fèt	Sèks	Sitwayen Ameriken	Sa Moun nan Ye pou Ou
					<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	
					<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	
					<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	

## Enfòmasyon sou Sityasyon Finansye

12. Èske oumenm oswa yon lòt moun ki lakay ou resevwa nenpòt nan kalite revni ki anba la a?

Kalite Revni	Kantite Lajan Revni an	Frekans Revni (Chak Semèn, Chak De Semèn oswa Chak Mwa)	Non Moun ki Resevwa Revni an
Sekirite Sosyal	\$	chak mwa	
SSI	\$	chak mwa	
Pansyon	\$		
Avantaj Veteran	\$		
Konpansasyon Travayè	\$		
Salè nan Travay	\$		
Lòt (presize) _____	\$		
Lòt (presize) _____	\$		

13. Èske ou peye pou depans gadri adilt?  Wi  Non

14. Èske ou peye pou nenpòt lòt depans medikal tankou medikaman sou preskripsyon, medikaman san preskripsyon, atik pou dyabèt, linèt, depans pou swen dan, pwotèz oditif, elatriye?  Wi  Non

15. Konbyen lajan ou peye pou lwaye ou oswa ipotèk ou chak mwa? \$ \_\_\_\_\_

16. Èske ou peye pou nenpòt nan sa ki anba la yo?

1. Mwen peye pou m chofe kay mwen (luil, gaz, elektrisite oswa pwopàn, eksetera) oswa mwen pataje depans pou chofaj la avèk lòt moun.  Wi  Non
2. Mwen gen yon klimatizè mwen itilize nan sezon ete a, epi mwen peye elektrisite oswa mwen pataje depans lan avèk lòt moun.  Wi  Non
3. Mwen gen yon klimatizè mwen itilize nan sezon ete a, epi mwen peye yon frè pou m ka itilize l.  Wi  Non
4. Mwen peye pou elektrisite oswa gaz oswa mwen pataje depans sa a avèk lòt moun.  Wi  Non
5. Mwen peye pou sèvis telefòn, ikonpri sèvis telefòn selilè (men se pa yon telefòn ou peye davans).  Wi  Non

## Reprezantan Otorize

17. Èske oumenm oswa yon lòt moun aplike pou kat SNAP oswa resevwa kat la pou achte manje pou ou?  Wi  Non

Non Fanmi:	Prenon:	MI:	Adrès:	Nimewo Telefòn:

## SNAP Rapid

**OU KA RESEVWA AVANAJ SNAP NAN SÈT JOU SI YOUN NAN ENFÒMASYON KI ANBA LA YO VRÈ:**

- Èske total revni ak lajan ou gen labank pi piti pase depans pou lojman ou pa mwa?  Wi  Non
- Èske revni pa mwa ou pi piti pase \$150 dola epi èske lajan ou gen labank se \$100 dola oswa mwens?  Wi  Non
- Èske ou se yon travayè sezonye epi èske lajan ou gen labank pi piti pase \$100 dola?  Wi  Non

## **AVI POU FÈ OU KONNEN DWA OU, RESPONSABLITE OU AK SANKSYON YO (TANPRI LI AVÈK ANPIL ATANSYON)**

Anba menas sanksyon pou fo temwayaj, mwen konfime mwen te li, oswa yon moun te li pou mwen, enfòmasyon ki nan fòm aplikasyon sa a ak repons mwen bay pou kesyon ki nan fòm aplikasyon sa a, epitou repons yo egzat san yo pa manke anyen dapre tout sa mwen konnen. Anba menas sanksyon pou fo temwayaj, mwen konfime tou repons mwen pral bay nan nenpòt fòm siplemantè mwen ka ranpli pidevan se repons k ap egzat san yo pa manke anyen dapre tout sa mwen konnen. Mwen rekonèt si mwen bay deklarasyon ki fo oswa deklarasyon pou twonpe moun oswa si mwen bay fo enfòmasyon, si mwen cache oswa retire enfòmasyon yo, swa aloral oswa alekri, pou fè konnen mwen kalifye pou SNAP, lè sa a mwen fè fwod, yon Vyolasyon Pwogram nan avèk Entansyon mwen (IPV), epi sa ka lakòz mwen tonbe anba sanksyon sivil ak sanksyon kriminèl.

**Mwen rekonèt ofisyèl federal, ofisyèl Leta ak ofisyèl lokal yo pral verifye enfòmasyon mwen bay ansanm avèk fòm aplikasyon mwen, pou yo detèmine si enfòmasyon yo vrè; si nenpòt nan enfòmasyon yo fo, mwen ka jwenn refi pou avantaj SNAP, epi yo ka pouswiv mwen nan lajistis poutèt mwen fè espere pou bay fo enfòmasyon.**

Mwen rekonèt se Depatman Èd Pwovizwa (DTA) ki alatèt SNAP, epi DTA gen 30 jou apati dat aplikasyon an pou travay sou aplikasyon an. Mwen rekonèt mwen dwe fè DTA konnen nenpòt chanjman nan revni moun lakay mwen, nan byen yo, nan adrès kay la, nan aranjman pou viv, nan kantite moun ki nan fanmi an, nan travay oswa nenpòt lòt chanjman nan kay mwen ki ka afekte kalifikasyon nou. Mwen rekonèt mwen dwe fè konnen chanjman sa yo ba DTA poukont mwen, alekri oswa nan telefòn **nan 10 jou ki vini apre chanjman an** sof si DTA ban mwen pèmisyon pou fè konnen chanjman yo anba règ Rapòtaj Anyèl SNAP oswa anba règ Lòt Kalite Avantaj Pwovizwa Transitional Benefits Alternative (TBA).

Mwen rekonèt mwen gen yon dwa pou pale avèk yon sipèvizè, si yo detèmine mwen pa kalifye pou avantaj SNAP rapid epi si mwen pa dakò avèk desizyon an, oswa si yo detèmine mwen kalifye pou sèvis rapid men mwen pa resevwa avantaj SNAP nan setyèm jou almannak apre dat mwen te aplike pou SNAP.

Mwen rekonèt si mwen chwazi pou fè konnen depans pou swen timoun oswa depans pou lòt moun ki sou kont mwen, depans pou lwaye/ipotèk, oswa depans pou abri oswa sèvis piblik, mwen ka resevwa yon pi gwo avantaj SNAP. Epitou mwen rekonèt si mwen peye sipò timoun ba yon moun ki p ap viv lakay mwen, mwen kapab fè DTA konnen sa epi mwen kapab bay yo prèv pou depans sa a. Si mwen pa rapòte oswa verifye depans (yo) ki endike anwo a, sa kapab vle di m ap resevwa mwens avantaj SNAP chak mwa epi y ap konsidere mwen kòm moun ki bay deklarasyon ki endike kay mwen pa vle resevwa yon dediksyon pou depans (yo) ki pa rapòte oswa ki pa verifye.

Menm jan tou, mwen rekonèt si mwen gen laj 60 tan oswa plis oswa si mwen andikape epi si mwen peye pou depans medikal, mwen kapab rapòte epi verifye depans sa yo ba DTA. Sa ka fè mwen kalifye pou yon dediksyon revni epi ogmante avantaj SNAP mwen.

Mwen rekonèt depi mwen siyen anba la a, tout moun lakay mwen ki gen laj ant 16 ak 59 ane enskri otomatikman pou travay epi yo antre nan Pwogram Travay ak Fòmasyon pou SNAP (SNAP/E&T). Enskripsyon otomatik nan SNAP/E&T ap pèmèt moun lakay mwen jwenn sèvis SNAP/E&T avèk fasilite. Moun lakay mwen ki pa gen egzanpsyon yo ap resevwa avi konsènan kondisyon pou travay, y ap resevwa eksplikasyon sou egzanpsyon ak sanksyon k ap genyen pou lè yo pa ta konfòme yo avèk kondisyon yo, epitou y ap voye yo nan yon aktivite travay, si li nesèsè.

Depi mwen siyen fòm sa a, mwen bay pèmisyon pou DTA verifye epi mennen ankèt sou enfòmasyon mwen bay ki gen pou wè ak kalifikasyon mwen pou èd la. Mwen bay pèmisyon pou DTA jwenn nenpòt dosye oswa done epi pou yo verifye enfòmasyon mwen bay nan fòm aplikasyon sa a avèk lòt ajans, tankou ajans federal ak ajans leta, administrasyon lojman lokal, depatman èd sosyal lòt eta, enstitisyon finansye epi nan Equifax Workforce Solutions ki bay enfòmasyon sou salè pou DTA. Mwen bay pèmisyon tou pou ajans sa yo bay DTA enfòmasyon sou kay mwen ki konsène avantaj SNAP mwen.

Depatman an ka refize, sispann oswa diminye avantaj ou yo dapre enfòmasyon ki nan rapò nou resevwa nan Equifax Workforce Solutions, yon ajans ki bay rapò sou konsomatè. Mwen gen dwa pou resevwa yon kopi gratis rapò mwen nan Equifax si mwen mande li nan 60 jou ki vini apre desizyon Depatman an. Mwen gen dwa pou mwen pa kwè si enfòmasyon ki nan rapò mwen egzat oswa pa manke anyen. Mwen ka kontakte Equifax nan: Equifax Workforce Solutions, 11432 Lackland Road, St. Louis, MO 63146, 1-800-996-7566 (nimewo pou rele gratis).

Anvan yo apwouve mwen pou avantaj yo, yo ka verifye kondisyon imigrasyon mwen nan Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (USCIS), ki te rele INS anvan. Mwen rekonèt DTA ka soumèt enfòmasyon ki nan fòm aplikasyon SNAP mwen ba USCIS, epi enfòmasyon DTA resevwa nan USCIS ka afekte kalifikasyon moun lakay mwen ak kantite avantaj yo.

Mwen rekonèt depi mwen siyen anba la a mwen bay pèmisyon pou DTA divilge enfòmasyon ki konsène mwen ak moun ki sou kont mwen ki poko gen laj 19 ane ba Depatman Ansèyman Primè ak Segondè (DESE) yon fason pou moun ki sou kont mwen yo konfime otomatikman pou pwogram manje maten ak manje midi nan lekòl. Mwen bay pèmisyon tou pou DTA divilge enfòmasyon sou mwen, sou moun ki sou kont mwen ki poko gen laj 5 ane ak sou nenpòt moun ki ansent lakay mwen ba Depatman Sante Piblik (DPH) yon fason pou moun sa yo jwenn referans pou ale nan Pwogram pou Fanm, Tibebe ak Timoun (WIC) pou sèvis nitrisyon.

Mwen rekonèt depi mwen siyen anba la a, mwen bay otorizasyon pou DTA ak Biwo Egzekitif Sante ak Sèvis Sosyal Massachusetts (Massachusetts Executive Office of Health and Human Services) divilge enfòmasyon sou kalifikasyon mwen pou avantaj èd piblik ba konpayi distribisyon kouran elektrik, konpayi distribisyon gaz ak konpayi telekomunikasyon ki kalifye dapre akò pou sekrè enfòmasyon konpayi sa yo egzekite pou yo sèlman konfime kalifikasyon mwen pou tarif sèvis piblik ki gen rabè. Mwen bay DTA otorizasyon tou pou divilge enfòmasyon mwen yo ba Depatman Lojman ak Devlopman Kominotè (DHCD) pou yo antre mwen nan Pwogram Chofaj ak Manje.

Mwen rekonèt m ap resevwa yon kopi tiliv “Your Right to Know” (Dwa pou Konnen) ak yon kopi tiliv Pwogram SNAP, epi mwen dwe li tiliv sa yo oswa mwen dwe fè yon moun li tiliv sa yo pou mwen, epitou mwen dwe konprann sa ki ladan yo ansanm ak dwa ak responsablite mwen genyen. Si mwen gen nenpòt kesyon sou tiliv yo oswa sou nenpòt nan enfòmasyon ki nan dokiman sa a, swa si m gen difikilte pou m li oswa pou m konprann nenpòt nan enfòmasyon sa a, mwen pral kontakte DTA nan: 1-877-382-2363. Epitou, mwen sèman pou fè konnen tout moun lakay mwen ki nan SNAP ki mande avantaj SNAP se swa sitwayen ameriken oswa moun ki pa sitwayen ameriken epi ki gen bon kondisyon imigrasyon.

### **Dwa pou Enskri pou Vote**

Mwen rekonèt mwen gen dwa pou mwen enskri pou vote nan DTA. Mwen rekonèt DTA ap ede mwen ranpli fòm aplikasyon pou enskripsyon elektè si mwen vle ede epi si mwen jwenn pèmasyon pou ranpli fòm aplikasyon pou enskripsyon elektè an prive.

Mwen rekonèt si mwen aplike pou enskri oswa si mwen refize enskri pou vote sa p ap afekte kantite èd m ap resevwa nan DTA.

### **Avètisman sou Sanksyon nan SNAP**

Mwen konprann si mwen menm oswa nenpòt manm nan fanmi m ki resevwa benefis SNAP fè eksprè pou vyole nenpòt nan règ ki site anba yo, moun sa a ka paka resevwa ankenn benefis SNAP pandan ennan aprè premye vyolasyon an, de zan aprè dezyèm vyolasyon an epi defason pèmanan aprè twazyèm vyolasyon an. Yo ka entèdi pou moun sa a resevwa ankenn benefis SNAP pou ennan oswa defason pèmanan, li ka peye yon amann ki ka rive jiska \$250 000, li ka ale nan prizon jiska 20 an oswa li ka peye ni amann nan ni pran prizon. Yo ka menm pousuiv li dapre lòt lwa federal oswa lwa leta ki aplikab. Yo ka entèdi l pou l resevwa benefis SNAP pou yon lòt 18 mwa ankò si tribinal la òdone sa. Règ sa yo se:

- Pa bay enfòmasyon ki fo oswa pa kache enfòmasyon yo pou jwenn èd SNAP.
- Pa boukante oswa pa vann avantaj SNAP.
- Pa chanje kat EBT pou jwenn avantaj SNAP ou pa gen dwa pou resevwa.
- Pa itilize kat EBT pou achte atik ki pa kalifye, tankou bwason abaz alkòl ak tabak.
- Pa itilize avantaj SNAP oswa kat EBT yon lòt moun, sof si ou se yon reprezantan ki otorize.

Mwen konprann tou sanksyon ki endike anba la yo:

- Si yon moun fè yon Vyolasyon Pwogram nan avèk Entansyon (IPV) nan **pwogram lajan kach**, epi si yo konfime vyolasyon an nan yon Odyans Administratif pou Diskalifikasyon (ADH), moun sa a ap jwenn entèdiksyon pou resevwa avantaj SNAP pou menm peryòd li jwenn entèdiksyon pou resevwa èd lajan kach.
- Si yon moun fè yon deklarasyon ki gen fwod oswa si li bay fo enfòmasyon sou idantite li oswa sou adrès kay li pou resevwa anpil avantaj SNAP **anmenmtan**, moun sa a ap jwenn entèdiksyon pou resevwa avantaj SNAP pou **dis ane**.
- Si yon moun boukante (achte oswa vann) avantaj SNAP pou yon sibstans kontwole/dwòg ilegal (yo), moun sa a ap jwenn entèdiksyon pou resevwa avantaj SNAP pou yon peryòd **de zan** pou premye fwa li fè sa, epi **pou toutan** pou dezyèm fwa li fè sa.
- Si yon moun boukante (achte oswa vann) avantaj SNAP pou zam pou tire, minisyon oswa eksploziv, moun sa a ap jwenn entèdiksyon **pou pa janm** resevwa avantaj SNAP.
- Si yon moun boukante (achte oswa vann) avantaj SNAP ki gen yon valè \$500 dola oswa plis, moun sa a ap jwenn entèdiksyon **pou pa janm** resevwa avantaj SNAP.
- Leta ka ale nan lajistis pou yon IPV kont yon moun ki ofri pou vann avantaj SNAP oswa yon kat EBT sou entènèt oswa fas-a-fas.
- Si yon moun sove pou evite pouswit lajistis, gadavi oswa anprizonman apre lajistis kondane li pou yon krim, oswa si moun nan vyole yon kondisyon pwobasyon oswa libète sou kondisyon, moun sa a **pa kalifye** pou patisipe nan SNAP.

- Si yon moun pa konfòme li san rezon valab avèk Kondisyon Travay pou SNAP, moun sa a p ap kalifye pou resevwa avantaj SNAP pou yon peryòd **two mwa** pou premye fwa, **sis mwa** pou dezyèm mwa, epi **douze mwa** pou twazyèm fwa. Si nou jwenn yon moun ki pa t konfòme li pou yon twazyèm fwa se li ki alatèt kay k ap resevwa avantaj SNAP la, *tout* moun nan kay la pa dwe kalifye pou patisipe nan SNAP pou yon **peryòd sis mwa**.
- Yon moun pa gen pèmasyon pou peye pou manje li achte a kredi epi sa kapab lakòz moun nan pa kalifye pou SNAP.
- Moun yo pa ka achte pwodui avèk avantaj SNAP avèk entansyon pou retire pwodui a epi pou yo pote bwat yo retounen pou lajan kach

### Dwa pou Jwenn yon Entèprèt

Mwen rekonèt mwen gen dwa pou jwenn yon entèprèt DTA bay si pa gen adilt lakay mwen ki nan SNAP ki kapab pale oswa konprann Anglè. Mwen rekonèt tou mwen kapab jwenn yon entèprèt pou nenpòt odyans san patipri DTA oswa mwen kapab vini avèk youn poukont mwen. Si mwen bezwen yon entèprèt pou yon odyans, mwen dwe rele Divizyon Odyans (Division of Hearings) omwen yon semèn anvan dat odyans lan.

### Prensip Anti-Diskriminasyon

Depatman Agrikilti Etazini (U.S. Department of Agriculture) entèdi diskriminasyon kont kliyan li yo, anplwaye li yo, ak moun ki aplike pou travay ki baze sou ras, koulè, peyi kote yo fèt, laj, konviksyon politik, eta sivil, kondisyon fanmi oswa paran, preferans seksyèl, oswa tout oswa yon pati nan revni yon moun sòti nan nenpòt pwogram èd piblik, oswa enfòmasyon jenetik pwoteje nan nenpòt travay oswa nan nenpòt pwogram oswa aktivite Depatman an ap fè oswa finanse. (Se pa tout rezon ki entèdi k ap konsène tout pwogram yo ak/oswa aktivite travay yo.)

Si ou vle pote yon plent nan pwogram Dwa Sivil pou diskriminasyon, ranpli Fòm Plent pou Diskriminasyon nan Pwogram USDA (USDA Program Discrimination Complaint Form). Ou ka jwenn fòm sa a nan lyen [http://www.ascr.usda.gov/complaint\\_filing\\_cust.html](http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html), oswa nan nenpòt biwo USDA, oswa rele (866) 632-9992 pou mande fòm nan. Ou ka ekri yon lèt tou ki gen tout enfòmasyon yo mande ou nan fòm nan. Voye fòm plent ou ranpli a oswa lèt la ban nou pa lapòs nan adrès U.S. Department of Agriculture, Director, Office of Adjudication, 1400 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20250-9410, nan faks, (202) 690-7442 oswa nan imèl nan [program.intake@usda.gov](mailto:program.intake@usda.gov).

Moun ki soud oswa ki mal pou tande oswa ki gen andikap pou pale ka kontakte USDA nan Sèvis Relè Federal nan nimewo (800) 877-8339; oswa (800) 845-6136 (Panyòl).

Pou nenpòt lòt enfòmasyon ki konsène pwoblèm nan Pwogram Èd Nitrisyon Siplèman (SNAP), moun yo ta dwe swa kontakte nimewo Liy Dirèk USDA SNAP nan (800) 221-5689, ki nan lang Panyòl tou, oswa yo ta dwe rele Nimewo Liy Dirèk Enfòmasyon Eta a (klike sou lyen an pou jwenn yon lis nimewo liy dirèk pou chak eta), ki sou entènèt nan lyen [http://www.fns.usda.gov/snap/contact\\_info/hotlines.htm](http://www.fns.usda.gov/snap/contact_info/hotlines.htm).

USDA se yon founisè sèvis ak patwon ki bay opòtinite egale pou tout moun.

Lwa Massachusetts entèdi diskriminasyon tou, ak diskriminasyon ki baze sou zansèt moun. Pou fè yon plent nan Massachusetts kontakte: Massachusetts Commission Against Discrimination, One Ashburton Place, Sizyèm Etaj, Sal 601, Boston, MA 02108; Telefòn: (617) 994-6000; TTY: (617) 994-6196.



**SIYATI MOUN KI APLIKE A:** Depi mwen siyen fòm aplikasyon sa a, anba menas sanksyon pou fo temwayaj, mwen konfime mwen li (oswa yon moun te li pou mwen), epi mwen rekonèt epi aksepte “Dwa ak Responsablite,” epi repons ki nan fòm aplikasyon sa a ak nenpòt lòt dokiman mwen bay pou Depatman an pivevan egzat san manke anyen dapre tout sa mwen konnen. Mwen li Avètisman sou Sanksyon nan SNAP nan lang natifnatal mwen, mwen te fè yon moun li avètisman an pou mwen, oswa mwen te fè yon moun entèprete li pou mwen. Epitou mwen konfime tout moun lakay mwen ki nan SNAP epi ki mande avantaj SNAP se swa sitwayen ameriken oswa moun ki pa sitwayen ameriken epi ki bon kondisyon imigrasyon.

**Siyati Moun ki Aplike a:** \_\_\_\_\_ **Dat la:** \_\_\_\_\_